

Fonds Mariam Assefa de WES envesti 1 milyon dola nan sipò lidèchip imigran yo

Nouyòk, ...novanm 2024 - Fonds Mariam Assefa de WES (sèvis edikasyon mondyal) anonse ke li pral bay yon milyon dola pou dis òganizasyon k'ap chèche ogmante angajman sivik ak lidèchip nan mitan imigran yo ak refijye yo. Sibvansyon sa a ki se 100 000 dola pou chak òganizasyon yo, fè pati yon inisyativ ki rele [Elevating Migrant leadership: Building inclusive futures](#) (amelyore lidèchip imigran yo: bati yon avni enklizif).

Òganizasyon ganyan yo chita ko yo nan uit eta diferan: [Alianza Americas](#), [Havenly](#), [Immigrant Alliance for Justice & Equity](#), [Indiana Undocumented Youth Alliance](#), [Inland Empire Immigrant Youth Collective](#), Lubunga Pan African House for Community Services, [Partnership for the Advancement of New Americans \(PANA\)](#), [Refugee & Immigrant Voices in Action \(RIVA\)](#), [The Welcoming Center](#), epi [We Are All America](#). Òganizasyon sa yo se imigran oubyen refijye kap dirije yo, yo te chwazi òganizasyon sa yo nan yon kominote nasyonal avèk 364 aplikasyon ke bidjè yo mwens pase 3 milyon dola.

« Kantite ak kalite aplikasyon nou te resevwa nan men ti òganizasyon yo ke imigran ak refijye yo dirije atravè peyi a te enpresyonan », dapre sa Léa Tienou-Gustafson, Direktè an chèf nan Fonds Mariam Assefa de WES lan di. « Abondans sa a temwaye bezwen san kanpe esponsò yo pou sipòte aktivman lidè refijye yo oswa lidè imigran yo k'ap travay pou konstwi kominote ki plis enklizif, espesyalman pou moman aktyèl sa la a. »

Rechèch te toujou demontre ke òganizasyon imigran ak moun ki pa blan yo ap dirije, toujou sistematikman malfinanse. Vreman vre, dapre yon etid ki te fèt nan lane 2018, anviwon 7 % nan don fondasyon yo ki al jwenn òganizasyon sa yo. Fonds Mariam Assefa vle bouche espas vid sa a ak kiltive yon nouvo jenerasyon lidè kominote ki soti nan nouvo imigran yo.

« Vwa Imigran ak refijye yo ta ka pi fò nan sa ki gen pou wè ak desizyon ki afekte kominote yo » se sa Esther Benjamin, PDG WES la fè konnen. « Objektif pwogram Elevating Migrant leadership se ogmante kantite lidè imigran oswa refijye enfliyan ki resevwa fòmasyon pou enfliyanse devlopman ak aplikasyon pwogram e politik ki efikas . »

Chwazi pa anplwaye WES ak yon [komite konsiltatif ki gen lidè imigran ak refijye](#) ki sòti tout kote nan peyi a, ganyan yo pral itilize lajan an pou sipòte aprantisaj eksperyans, konseye ak rezo lidè lokal yo. Nan sousi sansibilizasyon ak angajman efikas, patnè benefisyè yo pral konsantre yon pati nan efò yo sou devlopman yon diskou konvenkan ki chita sou istwa pèsonèl yo. « Inisyativ enteresan sa a se yon gwo etap pou pi douvan nan bay lidèchip migran an jarèt. Lè li sipòte òganizasyon sa yo, Fonds Mariam Assefa la fè monte vwa pou ladivèsite e ranfòse kominote yo pou kreye chanjman enpòtan e dirab », se sa Daniel Valdez, yon manm nan komisyon konsèy konsiltatif e direktè zafè ekstèn nan Welcoming America di.

Lè li konnen ke li ap travay ak nouvo lidè epi òganizasyon yo ki jèn e yon bidjè ki limite, Fonds an asire ke li bay benefisyè yo yon finansman ki fleksib ase pou sipòte yon seri de bezwen, ki gen ladan depans jeneral ak depans administratif. « Nou te adopte yon apwòch finansman patisipatif ki enplike lidè imigran ak lidè refijye yo nan devlopman objektif ak priyorite yo, nan konsepsyon kritè elijibilite yo, nan seleksyon benefisyè yo », se sa Karla Gregorio, Direktè Egzekitif Fonds Mariam Assefa de WES la di. « Apwòch sa a reflekte entansyon fon an pou konsantre sou vwa yo ak pèspektiv kominote imigran yo ak kominote refijye yo ke n'ap sèvi yo. »

Gayan yo pral rantre nan yon kominote pratik ki ankouraje aprantisaj kanmarad epi kenbe enfome sou tandans ak opòtinite pou anplifye vwa imigran yo nan anbyans dyalòg nasyonal la. Chak benefisyè ap tou vin yon patnè nan fon an, se sa ki pral pèmèt aksè nan pwogram yo ranfòsman kapasite yo patikilyèman.

« Pou bati yon avni enklizif e ekitab kote lidè imigran yo ak refijye yo jwe yon wòl kle, li enpòtan pou ranfòse vwa moun ki fè eksperyans nan vi yo, » se sa Fatima Saidi ki se Direktè We are all America yon òganizasyon loreya nan Chicago, yon vil nan Eta Ilinwa, ki travay ak lidè imigran ak refijye yo nan 20 eta. « Sibvansyon sa a e patenarya nou yo avèk Fonds Mariam Assefa pèmèt nou elaji pwogram fòmasyon nou yo, atelye nou yo e resous nou yo, epi bay plis imigran ak refijye opòtinite pou benefisye de modèl tiyo lidèchip nou an. »

Dis òganizasyon chwazi yo se :

- [Alianza Americas](#) ki baze nan Chicago, Ilinwa pral ofri yon pwogram lidèchip ki pote non Instituto de Liderazgo, ki bay imigran ki soti nan Amerik Latin ak nan Karayib yo alatèt òganizasyon kominotè yo fòmasyon ak divès opòtinite pou ogmante patisipasyon sitwayen yo nan diferan nivo nan sosyete a.
- [Havenly](#), Havenly, ki baze nan New Haven, Konektikèt pral sipòte yon kominote fanm lidè refijye e imigran, pandan l'ap ranfòse pwogram fòmasyon 6 mwa e amelyore resous li yo nan aprann anglè ak sitwayènte. Anplis de sa, fanm gen opòtinite pou yo itilize kafe a ak sant kominotè òganizasyon an pou yo òganize yo.
- [Immigrant Alliance for Justice and Equity](#), ki baze nan Jackson, Misisipi, pral elaji pwogram li a nan rasanble : lidè kominotè, atis, pwopriyetè biznis ak manm òganizasyon an pou egzekite pwojè atistik ak sivik yo pou rele chabare deyè diskou dominan sou imigran yo.
- [Indiana Undocumented Youth Alliance](#) ki baze nan Indianapolis, Enndyana pral ranfòse otonomi moun ki fèk vini yo gras ak devlopman kominotè ak sèvis sipò yo ofri nan yon pwogram konseye ki te kreye avèk pou jèn ki san papyè yo oubyen ki gen fanmi yo ki pa gen papyè.
- [Inland Empire Immigrant Youth Collective](#), ki baze nan Riverside, Kalifòni, pral ofri yon pwogram bous pou jèn ki pa gen papyè de premye jenerasyon ak fèb revni finansyè yo , pou yo ka devlope konpetans yo epi eksplòre okipasyon nan diferan domèn nan jistis sosyal lokal yo.
- Lubunga Pan African House for Community Services, ki baze nan Macon, Lajòjia, pral asire ranfòsman kapasite ak otonomi atravè edikasyon fòmèl e edikasyon e enfòmèl, pou defann dwa ak oryantasyon kiltirèl imigran kongo yo ak òganizasyon refijye yo ke kongolè yo dirije.
- [Partnership for the advancement of New Americans \(PANA\)](#), ki baze nan San Diego, Kalifòni, pral sipòte efò òganizasyonèl e devlopman lidèchip ki vize pou chanje politik ak amelyore aksè nan jistis pou kominote ak refijye nwa, arab, mwayennoryan, mizilman ak azyatik sid yo.
- [Refugee & Immigrant Voices in Action \(RIVA\)](#), ki baze nan Des Moines, Iowa, ap ede Imigran ak refijye yo avanse atravè aksyon kolaborasyon, defans dwa, lidèchip ak istwa, pandan yo ap ankouraje imigran, refijye yo ak migran pran latèt nan defann tèt yo ak kominote yo.

- [Welcoming Center](#) ki baze nan Philadelphie, Pennsilvani, pral kapab ranfòse enstiti lidèchip imigran li atravè yon nouvo inisyativ konsantre sou patisipasyon sivik, defans dwa, òganizasyon epi relasyon avèk moun kap pran desizyon yo, nan objektif pou ranfòse idantite sitwayen yo e enfliyanse pwogram, politik ak enstitisyon gouvènman yo.
- [We Are All America](#) ki baze nan Chicago, Ilinwa, pral ranfòse konpetans yo nan defans dwa ak òganizasyon kominotè lidè atravè 20 eta yo k'ap mennen yon mouvman nasyonal pou refijye yo ak imigran ki ap reklame pou plis bon règleman ak pratik akeyan nan nivo federal la e nan nivo leta. Mouvman sa a pral mobilize sipò piblik la kont fòs nativis yo e li pral mete kanpe enfrastrikti òganizasyonèl yo.

Pou plis enfòmasyon sou chak gayan, vizite [paj entènèt sa a](#).

Kontak: Silan Akgul, direktè prensipal kominikasyon, World Education Services  
Tel. : 631-565-5244 Imèl: [sakgul@wes.org](mailto:sakgul@wes.org)

Konsènan WES ak Fonds Mariam Assefa

Te fonde an 1974, [World Education Services](#) Inc. (WES) se yon antrepriz sosyal ki pa peye pa rapò ak atik 501(c)3. Li angaje nan ede elèv entènasyonal yo, imigran ak refijye yo pou reyalize objektif edikasyonèl yo ak pwofesyonèl yo ozetazini ak nan Kanada. Nan 50 ane, WES bay sètifika pou plis pase twa milyon moun nan lemonn antye. Lanse nan lane 2019 la, Fonds Mariam Assefa de WES la sipòte efò katalitik yo ki vize pou kreye ekonomi plis enklizif pou travayè imigran ak refijye nan etazini e nan kanada, ak asire ke yo gen konpetans, ke yo gen konesans ak sipò ki nesèsè pou yo reyisi.